

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, RÉKOMÉNDASI

Hal anu dipedar dina ieu bab nyaéta kacindekan, implikasi, jeung rékoméndasi nu nyampak dina pilem “Antara D jeung D” karya Chye Rétty Isnéndés.

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis data bab IV, bisa dicindekkeun yén dina pilem “Antara D jeung D” ngawangun unsur-unsur instrinsik anu nyampak dina ékranisasi carpon. Satuluyna kapanggih hasil analisis ajén moralitas jeung wangun peralihan karya sastra carpon kana pilem “Antara D jeung D”. Katitén tina hasil panalungtikan pilem “Antara D jeung D” téh aya pasualan anu nyampak utamana ngeunaan téma percintaan dicirian ku ayana cinta segitiga.

Téori anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta téori Stanton pikeun maluruh ulikan struktural, kitu deui téori Bertens pikeun nalungtik ajén moralitas. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta déskriptif analitik métode nu dilaksanakeun pikeun maluruh pasualan-pasualan faktual anu di jerona miboga data-data nu boga ma’na anu satuluyna bisa mangaruhan substansi panalungtikan sacara signifikan. Sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta carpon jeung pilem “Antara D jeung D” karya Chye Rétty Isnéndés.

Struktur dina ieu pilem ngawengku téma, fakta carita (galur, tokoh/panokohan, jeung latar), jeung sarana carita (judul, puseur panitén, gaya jeung *tone*). Téma dina ieu pilem nyaéta pasualan cinta, sosobatan, jeung tanggung jawab kana kaputusan sorangan. Pasualan cinta nyaéta ngeunaan Enung anu meumeut pisan ka beubeureuhna. Pasualan sosobatan antara Dude jeung Enung. Tuluy pasualan tanggung jawab kana kaputusan sorangan nalika Enung nangtukeun antara mertahankeun Dudi atawa ngadéngékeun saran Dude. Anu balukarna nyampak cinta segitiga antara Dudi, Enung, jeung Dude.

Galur anu digunakeun, nyaéta galur campuran. Eusi caritana ngawangun unsur sabab-akibat nu jelas jeung runtuyan kajadianna dicaritakeun sacara ngaruntuy ti mimiti bijilna masalah nepi ka ngabéréskeun masalah. Tapi aya sababaraha adegan anu kajadiannana mundur atawa nginget kajadian anu geus liwat saméméhna. Tokoh anu kapaluruh dina ieu pilem téh aya 7 palaku, ngawengku 2 tokoh utama, 1 tokoh bayangan, jeung 3 tokoh tambahan. Tokoh utamana nyaéta Enung jeung Dude. Tokoh bayangana nyaéta Dudi, jeung tokoh tambahanna nyaéta Tantan, Tukang kasét, Mahasiswi I jeung Mahasiswi II.

Latar anu kapaluruh dina ieu ékranisasi carpon, aya latar waktu, latar tempat, jeung latar suasana. Latar waktu anu kapanggih dina ieu pilem pilem téh nyaéta beurang, peuting, isuk-isuk jeung jaman baheula. Latar tempat anu katitén dina ieu carita téh loba kapanggih dina unggal adegan, nyaéta di parkiriran toko, taman, toko kaset, kampus, kamar Dude, jeung Partere. Sarta latar suasana anu kapanggih dina ieu pilem nyaéta sedih, ambek, émosi, nineung, jeung *romantis*.

Judul anu ngirut pikeun caritana nyaéta “Antara Cinta jeung Ego”. Dina pilem ieu puseur paniténa, sutradara leuwih resep nyorot gambar *medium close up*, nyaéta téhnik nyorot pamaén sacara jelas, ukuran nyorotna ti batas dada nepi ka bagéan sirah. Gaya basa anu digunakeun dina ieu pilem nyaéta basa Sunda formal nurutkeun kaédah basa anu saenyana. Sarta *tone* anu katitén dina pilem ieu téh nyaéta rasa amarah, kasedih, kabingung, jeung rasa guligah.

5.2 Implikasi

Implikasi dina ieu panalungtikan téh dipedar ngeunaan hasil panalungtikan analisis struktur jeung ajén moralitas dina pilem “Antara D jeung D”. Sok sanajan tangtu loba kénéh pasualan anu kudu diguar, tapi dina ieu panalungtikan dipedar ulikan struktural jeung ajén moralitas sacara gembleng. Hal anu dipiharep, ieu panalungtikan téh bisa jadi salah sahiji tarékah pikeun ngaronjatkeun ajén kasusastraan anu antukna bisa ngigelan jaman dina ningkatkeun kapopuléran karya sastra hususna di tatar Sunda umumna di tingkat internasional.

5.3 Rékoméndasi

Aya sawatara rékoméndasi pikeun kajembaran panalungtik sastra, nyaéta:

- a. Loba kénéh hal anu bisa dipaluruh dina nalungtik karya sastra, ku kituna perlu ayana panalungtikan sastra anu leuwih nyosok jero neuleuman panalungtikan karya sastra, hususna ngeunaan ékranisasi carpon au jadi pilem;
- b. Wangun ékranisasi téh mangrupa salah sahiji tarékah pikeun ngirut masarakat kana sastra, ku kituna bisa jadi salah sahiji sarana pikeun ngawanohkeun karya sastra;
- c. Dipiharep masarakat umum, bisa gawé bareng pikeun ngaronjatkeun budaya literasi ngaliwatan karya sastra anu diékranisasi; jeung
- d. Ieu panaluntikan can maluruh pikeun bahan ajar, dipiharep panalungtik séjén bisa nalungtik pikeun bahan ajar.